

Ifishe ifasha Abarwayi n'Abavyeyi/Abarwajije

Uruhusha rwhuta (EUA) rwo gukoresha umuti wa Remdesivir ku ngwara ya Coronavirus 2019 (COVID-19)

Wahawe umuti witwa **remdesivir** kugira ufashe kukuvura ingwara y'umugera wa corona 2019 (COVID-19). Ino fishe irimwo ubumenyi bwinshi bugufasha kumenya ingaruka mbi na nziza z'ugufata uyo muti wa remdesivir, ushobora kuba wararonkejwe canke ugiye kuronswa.

Gushika n'ubu ikigo kijejwe kwemeza imiti n'ibikwiye kuribwa co muri Reta zunze ubumwe za Amerika (FDA) nta muti n'umwe kirigera kibona ngo cemeze kuvura COVID-19. Kuronswa umuti wa remdesivir bishobora gufasha bamwe basanzwe barwariye COVID-19 mu bitaro. Soma ino fishe uronswe amakuru yose y'umuti wa remdesivir. Ganira n'umuganga wawe ubonye ufise ibibazo umubaza. N'amahitamwo yawe kuronswa uwo muti wa remdesivir canke kuwuhagarika aho ushakiye hose.

Mu bisanzwe COVID-19 n'iki?

COVID-19 iterwa n'umugera witwa coronavirus. Buno bwoko bw'umugera wa coronavirus ntibwari bwigere buboneka. Ino coronavirus nshansha yatanguye kwibonekeza mu bantu I Wuhan mu ntara yo mu gihugu c'Ubushinwa yitwa Hubei, mu kwezi kwa Kigarama 2019. Ukwandukizanya kw'abantu vyahavuye bitangura gutangazwa hanze ya Hubei no mu bindi bihugu Atari Ubushinwa, harimwo na reta zunze Ubumwe bwa Amerika (USA). Ushobora kwandura COVID-19 mu gihe ukoranyeko n'uwundi muntu asanzwe ayirwaye.

Izo ngwara za COVID-19 zagiye zihindura isura (harimwo n'abayirwara batagira ibimenyetso vyayo) hamwe ikaba iyisanzwe ahandi igatuma umuntu aremba, hakajamwo n'ivyo kugana gucikana. Mu gihe amakuru menshi agaragaza ko akenshi ingwara ya COVID-19 idakara cane, ariko ushobora kuremba kandi ishobora gutuma izindi ngwara usanzwe ugendana zikomera. Abantu bashaje n'abandi b'imyaka yose bagendana ingwara zikomeye canke zikunda kudakira nk'akarorero ingwara y'umutima, y'igisukari n'iy'impwemu nke zigaragara nkiziduka amahirwe y'ukuremba ukinjira ibitaro kubw'ingwara ya COVID-19.

N'ibihe bimenyetso vy'ingwara ya COVID-19?

Ibimenyetso vy'ingwara ya COVID-19 ni ubushuhe, gukorora n'ukudahema neza, ivyo bikagaragara hagati y'iminsi 2-14 igaragaye. Ishobora gukomera ikanagutera guhema nabi hamwe n'ugutuma izindi ngwara ugendana zigukarira kurusha.

Umuti wa remdesivir n'iki?

Remdesivir ni umuti ugisuzumwa nk'uwugwanya umugera ukavura abantu bamwe bamwe basanzwe barwariye mu bitaro COVID-19. Remdesivir ni umuti ukiri mu bushakashatsi kubera magingo n'ubu uracihwezwa. Nt'amakuru yose azwi y'urugero ugerako mu gukiza abasanzwe barwariye COVID-19 mu bitaro. Remdesivir werekanywe nk'uwuri mw'igeragezwa kugira abantu bamwe bamwe bihute gutora mitende n'ukumera neza. Nta miti iremezwa ijana kw'ijana n'ikigo kibijewe FDA ko wovura abantu barwariye mu bitaro ingwara ya COVID-19. Ikigo kijejwe kuvyemeza FDA caratanze uruhusha rw'ukuba harakoreshwa remdesivir mu kuvura COVID-19 ariko bikabanza gusuzumwa ko hakenewe urwo ruhusha rwhuta (EUA). **"Uruhusha rwhuta rwo kuba harakoreshwa umuti ni iki (EUA)?"** raba igice ca nyuma mu mpera y'ino fishe.

N'ibiki nobwira umuganga ankurikirana imbere yukwo ndonswa remdesivir?

Bwira uwukurikirana amagara yawe ukwo wumva umerewe, no mu gihe wumva:

- Waguwe nabi bivuye ku muti
- Ufise ikibazo mu mafyigo canke igitigu

- Wibungenze canke ubifise mu migambi
- Usanzwe wonsa canke uri mu kwonsa
- Usanzwe ufise iyindi ngwara ikomeye
- Uriko urafata iyindi miti (wandikiwe na muganga, uwo bifashisha bitarinze muganga, iy'ama vitamine, canke iy'ivyatsi kama)

Nzoronswa gute remdesivir?

Remdesivir uyironswa mu mitsi hakoreshajwe urushinge canke akaringoti kayitwara mu mitsi bita IV, rimwe ku munsu gushika ku minsi 10 bivanye n'ukwo umuganga agukurikirana abona bibereye. Remdesivir ishobora kugabanya imigera ya corona iri mu mubiri wawe. Ivyo navyo bigatuma utora mitende ningoga.

Nizihe ngaruka mbi zishoboka zishobora kugaragara ufashe remdesivir? (kumererwa nabi/effet secondaire)

Ibishobora kugaragara nkibikumereye nabi ufashe remdesivir ni:

- Umubiri kudashoka wakira iserumu . Iserumu ishobora kudashoka yakirwa neza n'umubiri igihe bariko baraguhamwo umuti wa remdesivir. Ibimenyetso bishobora kubikwerekana ko ari ingaruka z'uwo muti watewe mw'iserumu ni: amaraso kudatera neza, isesemu, kudahwa, kubira icuya hamwe n'ukujugumira.
- Kugwira kw'ivyinyunyu vyo mu gitigu. Kwongerekana kw'ivyinyunyu vy'igitigu vyaribonekeje kubarwayi bahawe remdesivir, ivyo navyo bishobora kuba ikimenyetso c'ugutituka canke kwononekara kw'ibigize gitigu. Umuganga agukurikirana azokora ibipimo vy'amaraso kugira asuzume gitigu cawe imbere y'ukwo uronswa remdesivir kandi bigakorwa buri munsu uzi ko ufata remdesivir.

Ivyo bishobora kuba atari vyose muvyokwigaragaza ku mubiri w'umuntu yafashe remdesivir. Kuko Remdesivir iracari mw'igeragezwa rero birashoboka ko ingaruka mbi ziyuvuyeko zitaraboneka zose.

S'abantu benshi bamaze gufata remdesivir. Izindi ngaruka mbi zinini umuntu atiteze zishobora kugaragara. Ingaruka mbi z'ugufata umuti mu mitsi zishobora kuba ububabare, kuva amaraso, gutoboka, kubabara, kuvyimba hamwe n'ukugira umugera w'ako gakomere.

N'ubuho buri umuntu yohitamwo bwo kwivuzwa?

Nkuko hari remdesivir, Ikigo FDA gishobora kwemeza uyundi muti wokwifashishwa n'abantu barwariye mu bitaro COVID-19. Raba kuri www.cdc.gov/COVID19 ushaka kumenya vyinshi kuyindi miti yo kwifashisha ariko itemejwe n'ikigo FDA kugira ivure abantu barwariye COVID-19 mu bitaro. Umuganga asanzwe agukurikirana arashobora kukuganiriza kuvyerekeye umuti wo kugerageza urekuriwe.

Ni amahitamwo yawe kwivuzwa canke kutivurisha remdesivir. Mu gihe uhisemwo kutawuronswa canke kuwuhagarika aho ushakiye wawutanguye, ntibishobora guhindura ukwo wahora wivuzwa.

Bigenda gute mu gihe ntafata remdesivir?

Mu gihe udafata remdesivir, ushobora kuremba canke ukanacikana. No mu gihe ufata remdesivir nkukwo bisabwa kugira wivuze COVID-19, haba hakirimwo amahirwe y'ukwo uremba canke ucikana.

Bimeze gute mu gihe nibungeze canke nonsa umwana?

Nta burambe bwinshi bw'uburorero bw'abavyeyi bamaze gufata remdesivir bonsa canke bibungenze. Ku ruhinja rutaravuka hamwe na nyina, uburusho bwo kuronswa remdesivir bushobora kuba bwinshi kurusha ingaruka mbi zihurikiyemwo. Iyowibungenze canke wonsa, ganira n'umuganga agukurikirana ikubereye n'ico ukwiye guhitamwo kijanye n'amagara yawe.

Nomenyesha gute ibimenyetso bibi vyigaragaje kuri jewe bitewe na remdesivir?

Bwira ningoga umuganga agukurikirana ubonye hariho ingaruka mbi uwo muti uriko uragutera canke ikiriko kigutera amakenga.

Izo ngaruka z'umuti zibwire ikigo **FDA MedWatch** kuri www.fda.gov/medwatch canke uhamagare 1-800-FDA-1088.

Ni gute nomenya vyinshi birushirije?

- Baza umuganga agukurikirana.
- Soma kuri <http://www.cdc.gov/COVID19>
- Hamagara igisata kijejwe amagara meza co mu karere utuyemwo.

Uruhusha rwihuta rwo kuba harakoreshwa umuti ni iki (EUA)?

Ikigo FDA ca reta zunze ubumwe za Amerika zarashoboye gutanga remdesivir ngo ukoreshwe mukuba urafasha, urwo ruhusha nirwo bita EUA. EUA ifashwe mu mugongo n'Ingingo y'Igisata c'amagara meza n'ama serivisi ahabwa abantu (HHS) kumvo zemewe z'ugufasha abantu bamwe bamwe bakwiye kwihutira gufata umuti canke ubundi bwoko bw'imiti muri kino kiza kirembeje Isi ca COVID-19.

Remdesivir ntiyacye ku ngazi zose zikenerwa kugira umuti wemerwe canke wemezwe n'ikigo ca FDA. Ikigo FDA kirashobora gutanga uruhusha rwihuta rwo kuba harakoreshwa umuti mu gihe ibonye kw'ibintu bimwe bimwe uyo muti ubikwije, ari naco gituma ata muti n'umwe uhari yemeza ijana kw'ijana uhari.

Kandi, Ingingo y'ikigo FDA iba ifatiye ku vyemezo bihari vy'abahinga babigenewe vyerekana ko bitahuritse kwemera ko uwo muti ukwije bimwe bimwe mu bisabwa, mu kuvura n'utumenyetso tuwura tujako kandi ko uri ingira kamaro mu kuvura abarwayi muri kino kiza ca COVID-19. Iyo bisabwa vyose bitegerezwa gukwira kugira umuti wemezwe ko wovura abantu mu gihe c'ikiza ca COVID-19.

Uruhusha rwo gukoresha remdesivir rurakora muri ico kiringo c'ingwara ya COVID-19, Ingingo irekurira mwene iyo miti iguma ikora, kiretse mu gihe ihagaritswe canke isubiwemwo (muri ico gihe iyo miti ntiba igisubiyeye gukoreshwa).